



Pou Biblikasyon Imedya: 24/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIBVANSYON 1.8 MILYON DOLA KE YO AKÒDE  
BAY PAK ETA YO, SANTYE YO, SIT ISTORIK YO AK ÒGANIZASYON PATNÈ  
TEREN PIBLIK YO**

***Pi gwo alokason finansman prive ak piblik pou sipòte 28 pwojè nan New York nan  
istwa pwogram nan***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon pou 1.8 milyon dola pou sipòte 28 òganizasyon san bi likratif ki enplike nan jesyon pak eta yo, santye yo, sit istorik ak teren piblik yo, pi gwo montan yo te bay nan istwa pwogram Sibvansyon Patenarya pou Pak ak Santye (Park and Trail Partnership Grants, PTPG). Sibvansyon yo soutni efò gwoup patnè yo pou kolekte fon prive pou pwojè envestisman, reyalize pwojè antretyen ak anbelisman, ofri pwogram edikatif ak òganize plizyè evènman espesyal ki ankouraje itilizasyon piblik plak yo.

"Nou fyè pou nou sipòte travay enkwayab òganizasyon kominotè lokal sa yo ki amelyore jerans ak pwogramasyon pak eta, sit istorik, santye ak teren piblik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk pi gwo envestisman nan istwa pwogram Sibvansyon Patenarya pou Pak ak Santye a, Eta New York ap voye yon mesaj ki di nou angaje anpil pou pwoteje ak finanse tè piblik nou yo pandan n ap kontinye angaje nan inisyativ enpòtan nan peyi a pou rezistans klimatik".

Se atravè Fon pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) eta a ke yo finanse pwogram Sibvansyon Patenarya pou Pak ak Santye yo. Yo administre sibvansyon yo an patenarya avèk gwoup defansè Pak ak Santye ki san bi likratif New York yo. Uityèm seri prim sa a pral konplete avèk plis pase 625,000 dola nan fon prive. Fòk benefisyè yo jwenn finansman ekstèn ki vo omwen 10 poustan nan montan yo te resevwa kòm sibvansyon an.

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Pak Eta yo gen anpil chans pou genyen patnè enkwayab nan Gouvènè Hochul, Parks & Trails New York, ak pakèt gwoup zanmi ak volontè ki ede asire siksè òf nou yo bay piblik la. Mwen pa ka tann pou m wè ki jan envestisman istorik 1.8 milyon dola sa a pral ede plis Nouyòkè jwenn aksè ak resous natirèl ak istorik fenomenal nou yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare**, "Bote natirèl ak karaktè tè New York yo atire plizyè milyon vizitè chak ane epi sipò patnè jesyon nou yo enpòtan anpil pou bezwen kontinyèl yo pou kenbe ak prezève zòn sa yo, ansanm ak enstalasyon tankou sant edikasyon anviwònmantal yo. Finansman sibvansyon enpòtan jodi a rekonèt wòl enpòtan patnè sa yo jwe nan DEC ak lòt resous piblik epi nou rekonesan pou envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul pou ede bay sèvis esansyèl pou rann espas anplennè yo aksesib pou vizitè yo kapab jwi kounye a ak alavni".

**Direktè Ekzekitif Parks & Trails New York la, Paul Steely White, te deklare**, "Sibvansyon sa yo se tankou angrè òganik rich pou devlope mouvman popilè pou amelyore pak, santye, sit istorik ak tè piblik New York yo. Lanse kayak aksesib, reparasyon pon, planifikasyon estratejik ak edikasyon jèn yo se sèlman kèk egzamp nouvo pwojè finanse yo ki pral pote plis lanati ak plis lajwa pou plis Nouyòkè".

**Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare**, "Pak Eta nou yo se yon resous ki nesesè anpil pou kominote atravè eta a. Resous sa a pa t ap posib san sipò ak jerans fèm òganizasyon kominotè ak gwoup zanmi yo ki kenbe antretyen, anbelisman, ak prezèvasyon enpòtan pou yo kontinye itilize yo. Anons finansman ane sa a pral bay 28 òganizasyon san bi likratif yon sibvansyon 1.8 milyon dola san parèy. Anpil remèsiman pou Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation), Parks and Trails NY, ak Gouvènè Hochul pou travay yo sou pwoblèm sa a".

**Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare**, "Pak ak tè piblik yo enpòtan anpil pou kalite lavi tout Nouyòkè yo. Antanke Prezidan Komite Asanble k ap sipèvize Pak Eta yo, mwen angaje m anpil pou m asire pak nou yo pwospere epi aksesib pou tout moun. Mwen kontan anpil ak envestisman istorik sa a, ki pral pèmèt bèl òganizasyon kominotè ki gen enpak yo pou yo elaji, pwoteje ak ankouraje espas ouvè pou itilizatè aktyèl yo ak jenerasyon k ap vini yo".

Benefisyè 2023 yo enkli:

### **Rejyon Kapital**

- Friends of Johnson Hall (27,585 dola) pou devlope yon aplikasyon ki pral amelyore vizit fizik tradisyonèl la nan kay istorik la pou pèmèt vizitè ki gen anpil kapasite ak kilti patisipe nan entèpretasyon ki egziste deja.
- Friends of U.S. Grant Cottage (36,000 dola) pou konsepsyon ak jeni yon santye ki pral bay yon wout aksesib pou pyeton nan blòk lès (Eastern Overlook) pou vizitè ki gen limit fizik.
- Lake George Battlefield Park (Fort George) Alliance (50,000 dola) pou anboche yon Manadjè Sèvis pou Manm pou ankouraje sansibilizasyon pak la atravè maketing, ranmasaj lajan, ak operasyon nouvo sant vizitè a.

### **New York Santral**

- Chittenango Landing Canal Boat Museum (146,250 dola) pou repare eksteryè ak enteryè magazen repwodiksyon épòk Kanal Erie 1990 pou ofri itilizasyon pandan tout ane a pou zòn pwogramasyon ki fèk konfòm ak ADA yo.
- Pak Eta Friends of Fillmore Glen (4,000 dola) pou anboche yon konpayi konsiltasyon pou evalye ak konsevwa opsyon ranplasman pou eskalye wòch ki te itilize anpil, orijinal sou sit la, ki bay aksè dirèk esansyèl nan kote ki nan pak la.

### **Finger Lakes**

- Pak Eta Friends of Hamlin Beach (29,118 dola) pou amelyore aksè Iwazi enklizif nan Zòn 3 plaj la lè yo enstale tapi Mobi Mat epi bay chèz plaj k ap flote.
- Pak Eta Friends of Letchworth (8,000 dola) pou plan pou amelyore aksè a twa abri piknik ak yon estasyon konfò nan pak la pou pi byen sèvi vizitè pak ki gen limit fizik.

### **Long Island**

- Planting Fields Foundation (108,129 dola) pou renove ak enstale chemen aksesib pou ADA ki pral ogmante aksè, sekirite pyeton yo, epi mennen envite yo nan sit remakab nan pak la.
- Caumsett Foundation, Inc. (55,500 dola) pou yon etid posibilité ki pral retabli de chemen ki gen pwoblèm sekirite, amelyore komunitate ekolojik natif natal yo, epi etabli yon sit edikatif pou gade.
- Friends of Jones Beach (10,025 dola) pou etabli inisyativ pou ranfòse kapasite òganizasyonèl pou gwoup zanmi pak eta sa a ki fèk etabli.
- Atlantic Marine Conservation Society (26,145 dola) pou yon seri "Manje ak Aprann" pou fòme anplwaye Pak Eta New York, sovtè yo, ak edikatè yo sou pwosedi apwopriye pou jere lavi maritim ki rive sou rivaj.

### **Mid-Hudson**

- Calvert Vaux Preservation Alliance (150,000 dola) pou repare, remonte, epi enstale baryè sekirite pou pon travès Warren 1912 - yon pòtay ki mennen nan Pak Eta Mills-Norrie ak Rivyè Hudson.
- Friends of Philipse Manor Hall (48,100 dola) pou yon kanpay maketing/manb ak devlopman pwogramasyon vize pou ankouraje vizit nan sit istorik ki renove ak amelyore a.
- Friends of Rockland Lake and Hook Mountain (100,000 dola) pou ajoute de nouvo pwogram edikasyon ki pral pwolonje kontak ak jèn moun ki soti nan gwoup ki aktyèlman pa byen reprezante yo nan pak sa yo.
- Jay Heritage Center (150,000 dola) pou konstriksyon chemen ADA nan Jay Gardens istorik la ki pèmèt yon pi gwo kantite vizitè ak patnè jwi jaden ki genyen prim ak pwogram jistis sosyal yo.
- Mamaking Environmental Education Center/Friends of MEEC (51,300 dola) pou kreye plis pwogram nan Zòn Jesyon Lavi Sovaj Bashakill ki pral ede fòme alyans ak lòt gwoup epi ogmante sansibilizasyon pou pi gwo piblik.
- Morgan Duke Conservation Society (5,789 dola) pou òganize aktivite netwayaj komunitè k ap kontinye nan Zòn Jesyon Espesyal Rivyè Hudson epi ankouraje sitwayen ak etidyan inivèsite yo vin volontè alontèm.

- Palisades Parks Conservancy (150,000 dola) pou anboche yon Manadjè Pwogram ki pral devlope pi gwo koneksyon ak aktivasyon kominotè, amelyore marketing ak mak, epi aplike inisyativ DEIA nan pak eta rejon Palisades yo.
- Stony Kill Foundation Inc. (150,000 dola) pou antreprann yon renovasyon esansyèl nan lakou a ak zòn aprantisaj agrikòl ki se yon sant pou pwogramasyon piblik ak edikasyon jèn nan Stony Kill Farm.

### Vil New York

- Pak Eta Friends of Gantry Plaza (25,011 dola) pou tab ak parapli ki pral bay chèz adisyonèl ak konfò lonbraj pou adrese vizit siyifikatif pak la ki ogmante.

### North Country

- Pak Eta Friends of Higley Flow (45,966 dola) pou achte yon lansman kayak ki aksesib pou ADA ak yon apwòch pasaj ke volontè ak anplwaye pak la pral enstale an kolaborasyon.
- John Brown Lives! (150,000 dola) pou premye pòs Direktè Egzekitif li ki pral ede pwofesyonale ak estabilize òganizasyon an ak enpak kontinyèl li nan non John Brown Farm State Historic Site.

### Lwès New York

- Artpark & Company, Inc. (100,000 dola) pou anboche yon Direktè Edikasyon, Entèpretasyon, ak Aksè ki pral òganize aktivite edikasyon ak sansibilizasyon pandan tout ane a, etabli nouvo pwogramasyon, epi kreye patenarya ak NYS Parks sou edikasyon anviwònman ak sansibilizasyon.
- Chautauqua County Equestrian Trail System (68,000 dola) pou devlope yon plan estratejik sou plizyè ane ki konsantre sou marketing, ranmasaj lajan, ak sipò volontè pou elaji divèsite itilizatè sante yo epi elaji ak ranfòse patenarya.
- Pak Eta Friends of Knox Farm (75,000 dola) pou renove Mansion Summer Estate (Sit Dete)--yon lokal maryaj ak evènman inik ke The Friends ap jere.
- Friends of Reinstein Nature Preserve (10,581 dola) pou konstwi yon patiraj ki pral pwoteje ak etabli forè natif natal la epi tou pou amelyore aksè piblik ak edikasyon ki gen rapò ak ekosistèm forè yo.
- IMPACT: Friends Improving Allegany County Trails (7,396 dola) pou ranplase yon pon 30 pye ki pral konstwi an patenarya ak Alfred State College ak DEC, epi enstale de kontwa sante pou kolekte done sou sante ki tou pre yo.
- Old Fort Niagara Association (12,103 dola) pou kreye yon arè pou siklis yo sou sante bisiklèt Niagara Greenway nan Pak Eta Old Fort Niagara.

Bidjè ane fiskal 2024 la bay yon 2 milyon dola pou pwochen faz sibvansyon Patenarya pou Pak ak Santye a, nan kad rekò 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite Iwazi pou Nouyòkè yo. Anplis de sa, bidjè a enkli 200 milyon dola pou State Parks pou pwojè amelyorasyon kapital yo. Gwo finansman sa a pral ede transfòmasyon kontinyèl pak vedèt New York yo epi sipòte pwojè enfrastrikti ki enpòtan nan tout sistèm pak la.

Parks & Trails New York se prensipal defansè pou pak ak santye yo nan New York, k ap travay depi 35 ane pou ranfòse patenarya publik-prive yo epi amelyore sante, ekonomi ak kalite lavi atravè itilizasyon ak jwisans peyizaj vèt la. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.ptny.org](http://www.ptny.org).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)